

TANPRI LI AK ANPIL ATANSYON
THE SCHOOL BOARD OF
BROWARD COUNTY - AVI
SOU JAN HIPAA PWOTEJE
KONFIDANSYALITE DOSYE
MEDIKAL AK SANTE MANTAL
FANMI AK PITIT-YO

*Avi-sa-a dekri kòman yo kapab
itilize epi kominike ransèyman
sou sante ki pwoteje, ou-menm
ak/oswa pitit-ou, epi kòman ou
menm kapab jwenn aksè ak
enfòmasyon-sa-a.*

AVI HIPAA

Dat avi-sa-a antre an vigè: 15 jen, 2010

Devwa School Board of Broward County (SBBC) dapre HIPAA

Lwa Leta Florid, Florida Statute, FERPA oswa HIPAA pwoteje tout dosye medikal ak dosye sante, selon kilès ki founisè swen sante, kilès ki kreye dosye-yo epi selon laj elèv-la. Dosye medikal yon elèv gen pwoteksyon HIPAA, lè nou resevwa dosye-a de founisè swen sante, si yo pa aji onon Distrik lekòl-la. Avi HIPAA-a konsènen sèlman ransèyman HIPAA pwoteje.

HIPAA, yon lwa federal, ekzije tout òganizasyon ak distrik lekòl-yo nan sèten sitiyasyon, pou yo kenbe sekre epi konfidansyèl tout dosye medikal sou sante fizik (kò) ak sante mantal. Yo rele dosye-sa-yo pwoteksyon ransèyman sou sante "protected health information" (PHI).

KI JAN DISTRIK LEKÒL-LA PRAL ITILIZE EPI PATAJE RANSÈYMAN SOU SANTE, KI PWOTEJE, OU-MENM AK PITIT-OU

PHI gen ladann ransèyman medikal ak demografik sou pase, prezan oswa fiti, sante fizik (kò) oswa mantal yon moun. Enfòmasyon demografik ka gen non, adrès, nimewo telefòn, nimewo kat sosyal sekirite, ou-menm ak pitit-ou, epi tout lòt fason pou idantifye ou-menm ak/oswa pitit-ou, kòm yon moun espesifik.

PHI distrik-la kapab genyen ransèyman li resevwa de founisè swen sante andeyò distrik-la, tankou yon rapò doktè pitit-ou ekri.

Distrik lekòl-la kapab sèvi ak PHI pitit-ou oswa kapab pataje PHI-a pou rezon medikal ak/oswa tretman sante mantal ak/oswa ankò pou peye sèvis-sa-yo. Pwofesyonèl sante kapab sèvi ak enfòmasyon sa-yo nan klinik, lekòl ak/oswa lopital pou yo ka pran swen ou-menm oswa pitit-ou.

Li enpòtan pou ou konnen Lwa-sa-a pèmèt distrik lekòl-la bay ransèyman li genyen sou PHI-ou ak PHI pitit-ou san li pa bezwen konsantman-ou nan sikonstans-sa-yo:

- Avèk yon founisè swen sante pou tretman-ou oswa tretman pitit-ou;
- Avèk konpani asirans, Medicaid, oswa ajans lokal, ajans Leta oswa ajans federal pou peye sèvis yo founi pou ou-menm oswa pitit-ou;
- Rapòte abi timoun, granmoun oswa moun andikape;
- Envestigasyon anrapò avèk yon timoun ki disparèt;
- Envestigasyon entèn ak verifikasyon kontablite distrik lekòl-la fè oswa nenpòt ajans ki bay sibvansyon;
- Envestigasyon entèn ak verifikasyon kontablite Enspektè Jeneral, Department of Education, epi Kontab an chèf-la fè;
- Rezon sante piblik tankou estatistik demografik, rapò maladi, epi reglemante pwofesyonèl sante;
- Envestigasyon medsen lejis;
- Rechèch Distrik-la apwouve;
- Òdonnans tribinal ak/oswa sitasyon pou konparèt nan tribinal; epi,
- Pwosè legal ak pwosè administratif.

Pou tout lòt izaj oswa lòt fwa distrik lekòl-la pral pataje ransèyman sou PHI-ou oswa sou pitit-ou, konsantman ekri-ou ap obligatwa. Konsantman-sa-a ap gen yon dat ekspirasyon. Epi ou kapab anile konsantman ekri ou te bay-la nenpòt kilè. Sèten sèvis ak nòt sikoterapis (seyans konseye fè avèk ou) ap ekzije konsantman ekri-ou, sòf nan ka kote yon sitasyon oswa òdonnans tribinal fè demann-nan.

DWA CHAK MOUN

- **Ou gen dwa mande distrik lekòl-la pou limite izaj epi ak ki moun yo kapab pataje PHI pitit-ou.** Distrik lekòl-la ap pran an konsiderasyon nenpòt demann ou fè, men li pa bezwen dakò ak ou pou otan.
- **Ou gen dwa mande-nou asirans kominikasyon-yo ap rete konfidansyèl.** Distrik lekòl-la kapab voye pa lapòs lèt rapèl randevou oswa rele-ou nan telefòn pou raple-ou randevou oswa ankò rele-ou konsènan responsablite-ou pou peye sèvis ou resevwa. Nap kominike ak ou selon fason ou vle nou kontakte-ou epi nan adrès oswa telefòn ou chwazi ba-nou. Ou kapab bay yon lòt adrès ki pa menm ak adrès kote ou rete si se la ou vle resevwa lèt epi se kote yo kapab kontakte-ou. Nou kapab mande-ou tou ekri ransèyman sou jan yo ka kontakte-ou.
- **Ou gen dwa egzaminen epi resevwa yon kopi PHI-ou.** Nap sipèvize ou lè wap egzaminen PHI-ou epi sa ap fèt nan tan ak kote ki konvni e pou ou e pou reprezantan distrik lekòl-la. Yo kapab refize aksè PHI-ou jan sa espesifye nan Lwa-a. Sa kapab rive nan ka pitit-ou konsanti resevwa swen epi konsantman-ou pat nesèsè dapre Lwa-a oswa kote pitit-ou ap resevwa swen sou òdonnans yon tribinal oswa ankò tribinal-la deziyen yon moun. Si yo refize-ou aksè PHI-ou, ou gen dwa mande yon pwofesyonèl sante ki gen lisans epi ki pat patisipe nan desizyon-an pou derefize aksè-a pou li revize ka-a. Se distrik lekòl-la kap deziyen pwofesyonèl sante-a ki gen lisans.
- **Ou gen dwa pote koreksyon nan PHI-ou.** Ou dwe fè yon demann ekri pou ou ka pote kòreksyon nan PHI-ou oswa PHI pitit-ou epi bay rezon pou sipòte demann-ou. Si yap aksepte kòreksyon-ou, distrik lekòl-la pral fè kòreksyon-an, la fè ou konnen sa ansanm ak tout lòt moun ki konsènen. Distrik lekòl-la kapab refize demann-ou, antou oswa an pati, si li jwenn PHI-a:
 - Se pa distrik-la ki te kreye-li;
 - Se pa yon PHI;
 - Lwa-a mande pou yo pa mete PHI-a aksesib pou ou kapab egzaminen-li; oswa,
 - Li egzak epi konplèt.

Si yo refize demann-ou distrik lekòl-la pral ekri deklarasyon ou fè konsènan koreksyon-an nan PHI-ou. Ou kapab voye yon lèt ki detaye rezon ou pa dakò avèk desizyon-an. Distrik lekòl-la ap ba-ou yon repons ekri. Ou andwa pote plent jan sa esplike nan seksyon Plent.

AVI HIPAA

- **Ou gen dwa resevwa yon lis moun ak/oswa ajans avèk ki distrik lekòl-la te pataje ransèyman ki nan PHI-ou nan sizan apre dat ou fè demann-nan. Lis-sa-a pap gen ladann.**
- Enfòmasyon nou pataje ak ou;
- Enfòmasyon nou pataje avèk moun ki patisipe nan swen-ou;
- Enfòmasyon ou otorize nou kapab pataje;
- Enfòmasyon nou pataje pou otorize tretman-ou ak/oswa peman;
- Enfòmasyon nou pataje pou rezon sante piblik;
- Enfòmasyon nou pataje pou rezon rechèch, andeyò-sa-yo otorize alekri;
- Enfòmasyon nou pataje nan ka pwofesyon sante bezwen reglemante;
- Enfòmasyon nou pataje pou rapòte abi timoun, abi sou granmoun oswa moun andikape;
- Enfòmasyon nou pataje pou nou reponn òdannans tribinal ak/oswa sitiasyon; epi
- Enfòmasyon nou pataje anvan 14 avril, 2004.

Avi-sa-a di-ou ki jan yo kapab itilize PHI-ou oswa pitit-ou epi ki jan distrik lekòl-la kenbe enfòmasyon-sa-a konfidansyèl. Distrik lekòl-la toujou kenbe enfòmasyon-sa-a konfidansyèl; avi-sa-a esplike-ou yon jan senp responsablite legal distrik-la, pou sa ki konsènen PHI.

Lalwa egzije distrik lekòl-la ba-ou avi-sa-a Notice of Privacy Practices (Avi sou jan yo pwoteje konfidansyalite dosye). Distrik lekòl-la blije fè sa Avi-a mande li fè. Si distrik lekòl-la ta vin chanje jan li kenbe dosye ou-menm ak pitit-ou la fè ou konnen. Avi ki pi resan afiche nan sit Entènèt SBBC www.browardschools.com.

POU PLIS ENFÒMASYON

Demann pou plis enfòmasyon sou keksyon ki kouvri nan avi-sa-a kapab ale jwenn SBBC Privacy Officer (ofisye anchaj konfidansyalite dosye-yo), Risk Management Department, ou kapab kontakte nan nimewo telefòn 754-321-1914.

PLENT

Si HIPAA ba-ou dwa e ou kwè gen vyolasyon dwa-sa-yo, ou kapab pote plent nan biwo SBBC Privacy Officer , adrès 600 S.E. 3rd Avenue, 11th Floor, Fort Lauderdale, FL 33301/ Telefòn (754)321-1914 ak/oswa Region IV, Office for Civil Rights, U.S. Department of Health and Human Services, Atlanta Federal Center, Suite 3B70 61 Forsyth Street, SW, Atlanta, GA 30303-8909/ HIPAA Privacy Hotline – liy telefòn (404) 562-7886; Faks: (404) 562-7881; TDD: (404) 331-2867. Nap fè ou konnen SBBC pap fè revanch kont ou oswa kont pitit-ou si ou pote plent.

DAT AVI-A AN VIGÈ

Avi-sa-a sou jan yo pwoteje konfidansyalite dosye (Notice of Privacy Practices) te an vigè depi 15 jen, 2010, epi lap toujou an vigè jiskaske yon nouvo avi apwouve epi afiche.